**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**
**МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН**
**МР «ЦУМАДИНСКИЙ РАЙОН»**
**МКОУ «ВЕРХНЕГАКВАРИНСКАЯ ШКОЛА-САД»**

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
|---|---|---|
| на заседании ШМО | Заместитель директора по УВР | Директор школы-сада |
| ________Муртузалиев М.А. | ___________Хасбулаев Ш.М. | ________Исмаилов М.М. |
| Протокол №___ от «____» ___2023г. | «______»_____2023 г. | Приказ №___от «___» ___2023г. |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

**учебного предмета «Родная литература»**

для 8 класса основного общего образования

на 2023-2024 учебный год

Составитель: Магомедова Сабижат Магомедовна
Учитель родного языка и литературы

**с. Верхнее Гакварн, 2023**

# Авар адабият (34)

**Асарал малъизе - 26 сагlат**

**Калам цебетlезабиялъе - 4 сагlат**

**Класстун къватlиб цlали - 4 сагlат**



## 8 классалда адабиял темабазда тIоритIулел кIалзулал ва хъвавул хIалтIабазул аслиял тайпаби

КIудиял гурел хабариял асаразул, гьезул бутIабазул изложение хIисабалда бицинги хъвайги.
РагIудалъун сурат цебечIезаби. Художестиял асарал сценаялда лъезе къачIай. ЦIалдохъабазул жидерго хIалтIул бицарал сочинениял хъвай.
Жиндирго кIалъаялъе цIалдохъанас план гIуцIи.
Багьадураздехун, гьезул ккарал ишаздехун бижараб жиндирго пикру загьир гьабун, бицунги хъванги, жинцаго цIаларал асаразе, рихьарал фильмазе, художникас рахъарал суртазе къимат кьей.

### Авар мацIалъулгун бухьен

Маданиял ва тарихиял баклазул сурат цебе чIезабулеб, иш лъугьунеб баклалъул бицунел хабариял текстазда тIасан къокъаб изложение. РухIияб берцинлъиялъул ва бечелъиялъул темабазда сочинение хъвай. Бицунеб рагIараб лъугьа- бахъиналъул хIакъалъулъ сочинение.

### Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъ 8 классалъул цIалдохъабазда цере лъолел аслиял тIалабал:

**ЦIалдохъабазда лъазе ккола:**

-лъазарурал асаразул ва гьезул авторазул цIарал;
-лъазарурал асаразул аслиял темаби ва гьезул гIуцIиялъул хасал рахъал;
- лъазарурал хабариял асаразул багьадуралги, гьез гIахьаллъи гьабулел лъугьа- бахъиназул рахасги;
- адабияталъул теориялдаса баянал;
-драмиял ва лирикагун эпосиял асаразе хасиятал рахъал;
- программаялда рихьизарун ругел текстал рекIехъе лъазаризе.

**ЦIалдохъабазухъа бажаризе ккола:**

- хъвадарухъанас гIуцIарал лъугьа – бахъинал пикрудалъ гвангъун цере чIезаризе;
- художествияб адабият гIелмиябгун публицистикияб адабияталдаса батIа – бахъизе;
- лъазабулеб асаралда жаниб пикруябгун художествияб рахъ рагьизе;
- пикруябгун художествияб рахъ рагьизе сипатиял рагIабазул кIвар батизе;
-мугIалимас кьураб логикияб суалалда рекъон, асаралъул багьадуразул гIамал – хасият рагьизе;
- эпосиял, лирикиял, лирикиялгун эпосиял ва драмиял асарал ратIа рахъизе;

- художествиял асарал пасихlго цlализе;
- хабарияб асаралъе яги гьелъул цо бутlаялъе план бахъизе;
- минуталда жаниб 120 – 130 рагlи кколеб хехлъиялда лъазарурал асарал ритlун, рагlун ва чвахун цlализе;
- жиндирго кlалъаялъе план ургъизе;
- жинцаго цlалараб асаралъе къимат кьезе, гьеб асаралъул багьадураздехун, лъугьа – бахъиназдехун лъугьараб жиндирго бербалагьи загьир гьабизе.

## Жидецаго цlализе кколел асарал:

«Исубханги вехьги» - халкъияб кечl
«Азайнисей» - халкъияб кечl
« Сибирь къотlидал», «Аваданай гьудул» - Элдарилав
«Тlаде магlарухъе» - Чlанкlа
«Гьурмал берцинлъи гlун» - И.Гlалихlажияв
« Эбел ва яс» - Махlмуд
«Дунял къалъулеб» - И. Къурбан
«Хьитазул устар» - Цl. Хlамзат
«Эбелалде кечl», « Батирай» - Р. Хlамзатов
«Сулахъ гlурул рагlалдаl» - З. Хlажиев
« Магlарулай» - А. Мухlамаев
«Ралъдал тlиналда» - А. Хlамзатов
«Хъумуз» - Т.Таймасханов
«Ихдалил чапар» - Гl-Хl. Шахтаманов
«Вехьасул намус» - М.Гъайирбекова
«Къункърабазул моцl» - Гl. Расулов
«Нух къосараб хвел» - Хl. Гlалиев
«Рохьоб» - К. Султанов
«Ватlаналде» - М. Мухlамадов
«Гlанхил Марин» - Ханбиче



***Реклехъе лъазаризе кколел асарал:***

***«Хочбар» ( Хочбарица ахlараб кечl)***
***«Векьарухъанасул кечl» - Йирчи Гъазахъ***
***« Почтовой кагътиде» - Махlмуд ( тlоцебесеб l0 куплет)***
***« Айдемир ва Умайгьанат» - Цl. Хlамзат (Симисханил монолог: « Къватlул цlали»….)***
***«Халкъияб кечl» - Ю. Хаппалаев***

| | *Дарсил тема* | *Дарсида гьабулеб хIалтIул система* | *Словарияб хIалтIи* | *р/хI* |
|---|---|---|---|---|
| 1 | **Байбихьи.** Художествияб адабият ва искусствоялъул цогидалги тайпаби. Тарихиябгун адабияб процессалъул хIакъалъулъ авалияб бичIчIи. Халкъияб кIалзул гьунар. «Суфичи-хиянатчи». | Халкъияб кIалзул гьунаралъе баян кьезе. Маргъа цIализе. | Хъирщаризе, чагъана хъвазе, лаилацIогьор, гIарщ, рихьахIарав, амру | Бицине. |
| 2 | «Суфичи-хиянатчи». | Асаралъул тема, идея бати, анализ гьаби. Аслиял героязул образал рагьи. План гIуцIизе. | | Гьум. 9-10 (учебник). |
| 1 | ***Класстун къватIисеб цIали.*** | | | |
| 3 | «Хочбар»(З. ХIажиевас къачIараб) **А/т.** Художествияб сипаталъул хIакъалъулъ баян (портрет). | КочIол мисалияб цIали бихьизаби. Учебникалда тIасан цIали. | Вегьизе, чIинчIу, ИгирагIал, мухIур гьабила | гьум. 10-15 бицине Хочбарица ахIараб кечI рекIехъе лъазаби. |
| 4 | **XIX ГIАСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ.** Инхоса ГIалихIажияв «Гьекъел-мехтел». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. КочIол пикру рагьизе. | Дабар, валгьанал, хIасад, ахIибатIахъ нуж балан, жа, гиби, рагI, пайтон | КечI пасихIго цIализе, учебник гьум. 24-26 бицине. |
| 5 | «Исрапчиясде». | КечI цIализе. КочIол пикру рагьизе, дандекквеял ратизе. | ГIуламаал, пигIлу, мужадил жагьлу, божкъаликье, сахIихI | КечI пасихIго цIализе, учебник гьум. 26-27 бицине. |

4

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 6 | «Ракь». **А/т.** Сипатияб каламалъул (мацIалъул) хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби. | КечI цIализе. КочIол пикру рагьизе. **А.т.**баян гьабизе. | Къабилил агьлу, гIодобе охх ин, исрап, залим, вали, наиб | КечI пасихIго цIализе, учебник гьум. 27-29 бицине. |
| 1 | ***Калам цебетIезаби.*** **Доклад хIадур гьаби :** **Инхоса ГIалихIажиясул творчество.** | | | |
| 7 | **ЧIикIаса МухIамад** «Имам ГъазимухIамад чIваялде». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество.КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. КочIол тема ва пикру рагьизе. Учебникалда тIасан цIали | Гъази, ХIабиб, хандакъ, савмагIат, салдар, сургIат, халват, мунапикъ,гъаплан, гиназ, мушавар, шаргI, халифа, халикъ | КечI пасихIго цIализе, учебник гьум. 34 бицине. |
| 8 | **Элдарилав** «Росу берцин». «Жергъен гьартун ккана». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество.КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. | СурахIи, тIавус, гIанса, хIабибат, тIагIат, азалияб къалам, зарра хъвай, махлукъат, халип, узданлъи, тIайра, гьартун ккана, амру, пурман, сибилалда, гьавали | КечI пасихIго цIализе, учебник гьум. 41-42 бицине. |
| 2 | ***Калам цебетIезаби.*** **ЦIалараб асаралъе къимат кьей.** | | | |
| 9 | **БакьайчIиса ЧIанкIа (Тажудин)** «Сайгидул БатIалиде». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество.КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. | Илгьан, киритал, билхъа, тагIзият, ятимлъи, киласал, кагьанатзаби, Давла, Мисри, Иргьаниб, гъазияв | КечI пасихIго цIализе. Учебник гьум. 51-53 бицине. |
| 10 | «ТIалхIатиде». Антитеза. | КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. Антитезаялъе баян кьезе. | Карман, тапсир, хIужра, мусанип, хъирим, тайлан, Шам, къабру, кIалкъолаб, берданка, рухса, хIарбу | КечI пасихIго цIализе. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 11 | Хъахlабросулъа Махlмуд «Хъахlилаб зодихъе багlаркъул нур». | Хъвадарухъаналъул творчество. Кочlол мисалияб цlали бихьизаби. | Шагъримоцl, алапа, Бичас, Къадир, Сабаалда Билкъис, Мисри Зулейха, Гlусманиял, тастар, пулуша | Кечl пасихlго цlализе. Учебник гьум. 64-66 бицине. |
| 3 | *Калам цебетlезаби.* **Доклад хlадур гьаби:** **Хъахlабросулъа Махlмудил творчество.** | | | |
| 12 | «Рокьул конторалъул кавуги рагьун». | Кочlол мисалияб цlали бихьизаби. Учебникалда тlасан цlализе. | Юкка, Асли, панар, гъара, рахlман, сабаалъул гага | Кечl пасихlго цlализе. |
| 13 | «Почтовой кагътиде керенги чучун». **А/т.** Художествияб каламалъул хlакъалъулъ баян гlатlид гьаби. | Учебникалда тlасан цlали. **А/теориялъе баян кьезе.** | Къайис, Сулейманил тах, хункар | Тlоцебесеб 10 куплет рекlехъе лъазабизе. |
| 2 | *Класстун къватlисеб цlали.* | | | |
| 4 | *Калам цебетlезаби.* **Бихьараб киноялъе къимат кьей.** | | | |
| 14 | Йирчи Гъазахъ «Векьарухъанасул кечl» | Кучlдузул мисалияб цlали бихьизаби. Гъазахъил гlумруялъул ва творчествоялъул хlакъалъулъ баян. | Инкар, пуруц, къавм | Рекlехъе лъазабизе. |
| 15 | Ятим Эмин «Эминил васият». | Хъвадарухъанасул биография. Кечl цlализе. | Ялгъуз, гlузраби | Учебник гьум. 90-91 бицине. Кечl пасихlго цlализе. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 16 | «КъватIул харбал цIалкIулел херал руччабазде». | КечI цIализе. Учебникалда тIасан цIали. | Анищ, рогьо, хьандезе, махьа, бахьикъос | Учебник гьум. 91-92 бицине. КечI пасихIго цIализе. |
| 3 | ***Класстун къватIисеб цIали.*** | | | |
| 17 | Мунги АхIмад «Шамилил суд», | Хъвадарухъанасул биография. КечI цIализе. | Чабхъад, гъорчIел, мурид, инкар, рогьо, бо, тIимугъ, къатIра, паналъизе, пахь | Учебник гьум. 93-94 бицине. КечI пасихIго цIализе. |
| 18 | XIX гIасруялъул адабият. 1917-1946 соназда авар адабият. «Айдемир ва Умайгьанат». | I – II пардав цIализе. | Курхьен, дахIа, чирмакъали ЧохтIо, кIичI, бугьтанал, пунтIизабураб, гъугъараб | Ролазде бикьун цIализе. |
| 19 | «Айдемир ва Умайгьанат». | III пардав цIализе. | Цеберукъ, партал, чехьчурадил, уполкомзаг | Ролазде бикьун цIализе. |
| 20 | «Айдемир ва Умайгьанат». (Драмаялъул асаразул аслиял тайпаби (драма, трагедия, комедия, трагикомедия). | | | Ролазде бикьун цIализе. |
| 21 | «ГIумруялъул дарсал». | Къисаялъул аслиял багьадурал, гьезул сипатал. | Панз, недегьаб, хIалуцине, хIамабагьадурлъи, мазлум, ятим, гьодораб | Учебник гьум. 110-114 бицине. Поэма цIализе. |
| 22 | МухIамад Хуршилов <u>«Сулахъалъ нугIлъи гьабула».</u> | ШагIирасул гIумру ва тв-во, I-V бутIаби цIализе. | Щенелеб, гъапуллъи, чIинхъи, янгъизав, тулакаб, щвантIих, рогьо, гIункIрукь, палихъан, сонтIолълъар, | ЦIализе, анализ гьабизе |
| 23 | <u>«Сулахъалъ нугIлъи гьабула».</u> | VI -X бутIаби цIализе. | Мазгарул, щайтIанчирахъ, Цудунаб, лабаллъи, кагьру, къавм, гужгат, сугъур Хулхулхъалиян, чали, гьункIус, дангъур, нукар, жиризе, гажал, | ЦIализе, анализ гьабизе. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | семизе,сардар, васвас, талавурчагIи | |
| 4 | *Класстун къватIисеб цIали.* | ГIумархIажи Шахтаманов «Ихдалил чапар». | | |
| 24 | **МухIамад Шамхалов** «Вац». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. Хабар цIализе. | Таваккал тIамизе, лажбар, гъансито | Бицине. Анализ гьабизе |
| 25 | **Анвар Аджиев** «БахIарчиясул куркьби». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. КечI цIализе. | Гьабугьине, ихх, назмаби | КечI цIализе,учебникалда-са бицине 131-132. |
| 26 | **Юсуп Хаппалаев** «Оцбай». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. КечI цIализе. | ЦIункIулукIал, гIидра, маржанал, хIалуцине, сирт, пуруц-рукь, паркъи | КечI цIализе, учебникалда-са бицине 133-135. |